

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Waktu lumangsungna komunikasi jeung interaksi di lingkungan masarakat, manusa henteu leupas tina makéna basa anu mangrupa omongan. Omongan panyatur dina komunikasi téh ngagambarkeun polah ucap. Sudaryat (2020) nétélakeun yén polah ucap mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Ku kituna, polah ucap mangrupa bagian anu kudu aya waktu komunikasi.

Dina makéna basa, kadang aya hal anu henteu dipikapaham ku panyatur, antukna muncul pasalia paham dina nepikeun omonganna. Lian ti kudu paham kana naon-naon anu diomongkeun ku panyatur, kudu apal ogé kana kontéks anu keur diomongkeunana. Hal ieu patali jeung polah ucap, nyaéta omongan anu dibarengan kalawan sikep jeung ékprési panyatur (Dirmawati, 2018).

Polah ucap nyoko kana omongan boh lisan boh tulisan. Contona komunikasi dina lisan nyaéta pidato, paguneman, jeung réa-réa deui. Upama dina tulisan, conto na aya koran, majalah, médsos jeung karya sastra. Salasahiji conto wangun karya sastra nyaéta novel atawa roman Sunda anu kaitung réa, di antarana waé, roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri. Ieu roman bakal dijadikeun objék panalungtikan. Ari puseur ulikanana nyoko kana aspék kedaling polah ucap dina éta novel.

Aya sababaraha hal anu mangaruhan salah tafsir dina maham eusi karya sastra, salasahijina lantaran ayana aspék anu mangaruhan kana prosés macana. Lian ti éta, dina hiji karya sastra sok aya ogé hal nu dikedalkeun ku tokoh nu aya di jerona. Maksud panulis buku jeung naon nu ku pamaca téh sok aya pasalia pahamna, ieu téh teu béda jauh jeung prosés komunikasi manusa. Chaer (2010) nétélakeun yén kedaling nyaéta wangun basa nu dipaké ku panyatur pikeun nepikeun pikiran, perasaan jeung émosina.

Sangkan henteu ngajadikeun salah tafsir dina ieu roman, panalungtikan bakal ngulik ngeunaan wujud kedaling polah ucap, wanda kedaling polah ucap, aspék

kedaling polah ucap, sipat kedaling polah ucap, jeung fungsi kedaling polah ucap dina *Roman Imutna nu Panungtung* karya Ahmand Bakri.

Aya dua panalungtikan anu patali jeung aspék kedaling polah ucap nyaéta Dwi Nanda Lestari (2019), jeung Nur Wildah Alfaeni (2021) nu medar ngeunaan wujud, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik. Dwi Nanda Lestari (2019) nalungtik ngeunaan Aspék Kedaling Pragmatik dina Kumpulan Carpon *Kasambet* karya Ahmad Bakri. Dina ieu panalungtikan kapanggih sababaraha hal ngeunaan wujud, wanda jeung fungsi. Data anu *kahiji* nyaéta wujud, aya 287 omongan anu kapanggih, ngawengku wujud (1) wawaran (*deklaratif*), (2) pananya (*interogatif*), (3) paréntah (*imperatif*), jeung (4) panyeluk (*aklamatif*). *Kadua* nyaéta wanda na kapanggih aya 287 omongan, anu ngawengku (1) aspék kedaling sosial, (2) sikep intéléktual, (3) émosi, (4) informasi faktual, (5) moral, jeung (6) ngaréngsékeun masalah. jeung *katilu* nyaéta fungsi kapanggih aya 287 omongan, anu ngawengku (1) fungsi komisif, (2) fungsi impositif, (3) fungsi éksprésif, jeung (4) fungsi asértif.

Panalungtikan anu kadua nyaéta Nur Wildah Alfaeni (2021) nu nalungtik Aspék Kedaling Pragmatik dina Novel *Béntang Pasantrén* karya Usep Romli. Panalungtikan ieu sarua ngawengku tilu hal nyaéta wujud, wanda jeung fungsi. Data anu kapaluruhna nyaéta aya 381 omongan.

Ieu panalungtikan ogé ngulik ngeunaan kedaling polah ucap. Ari anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina objekna, nyaéta lebah sumber data panalungtikan, jeung komponén nu di talungtikna, ku panalungtik ngulik ngeunaan wujud, aspék, jeung fungsi kedaling polah ucap, anu sumber datana roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri. Ieu roman téh saméméhna can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan nu judulna Aspék Kedaling Polah Ucap dina Roman Imutna nu Panungtung karya Ahmad Bakri perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah anu aya dina ieu panalungtikan téh patali jeung aspék kedaling polah ucap dina *Roman Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri. Ari masalahna bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

Dini Aulia Putri, 2023

ASPÉK KEDALING POLAH UCAP DINA ROMAN IMUTNA NU PANUNGTUNG KARYA AHMAD BAKRI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Kumaha wujud kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri?
- b. Kumaha aspék kedaling polah ucap dina éta roman?
- c. Kumaha fungsi kedaling polah ucap dina éta roman?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun wujud, aspék, jeung fungsi kedaling nu aya dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan sacara husus boga udagan pikeun ngadéskrripsikeun tilu hal, nyaéta

- a. Wujud kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri;
- b. Aspék kedaling polah ucap dina éta roman; jeung
- c. Fungsi kedaling polah ucap dina éta roman;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh pragmatik. Ari sababna, euisna ngulik aspék kedaling polah ucap anu medar ngeunaan wujud, aspék, jeung fungsi, kedaling polah ucap.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa aya mangpaatna pikeun panalungtik, nu maca, guru, jeung siswa.

- a. Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan ngeunaan aspék kedaling polah ucap.

- b. Pikeun nu maca, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambahan referensi pikeun panalungtikan satuluyna hususna dina widang kabasaan.
- c. Pikeun guru, hasil panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun referensi bahan pangajaran basa sunda di sakola.
- d. Pikeun siswa, hasil panalungtikan dipiharep bisa méré pamahaman ka siswa jeung ngaronjatkeun pangaweruh kabasaan pragmatik.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan dibagi kana lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang, masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan anu patali jeung analisis Aspék Kedaling Polah Ucap dina Roman Imutna nu Panungtung karya Ahmad Bakri.

BAB II Ulikan Tiori Aspék Kedaling Polah Ucap, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina medar tiori-tiori anu aya patalina jeung Aspék Kedaling Polah Ucap nu dipaké ku panalungtik.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngajéntrékeun ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téknik ngumpulkeun data, intrumen panalungtikan, jeung téhnik analisis ngolah data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan, eusina ngadéskripsikeun ngeunaan hasil analisis data ngeunaan wujud, aspék jeung fungsi polah ucap anu aya di Roman Imutna nu Panungtung karya Ahmad Bakri.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi, eusina mangrupa kacindekan, implikasi jeung saran tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun.